



Rapò NPCC4 sa a ofri pwojeksyon klima aktyèl yo pou Vil Nouyòk itilize pou pran desizyon konsènan enpak chanjman nan klima a. Li tire e mete ajou rezilta yo rapòte nan 2yèm ak 3yèm NPCC yo ak Evalyasyon Enpak Klima Eta Nouyòk. Li konsantre sou zòn prensipal sa yo ki se (1) ogmantasyon nivo lanmè ak vag tanpèt; (2) inondasyon andedan tè ak kotyè (bò lanmè); (3) tanperati mwayèn ak ekstrèm; epi (4) presipitasyon (lapli) ekstrèm ak sechrès.

Pwen esansyèl nan rapò sa a enkli:

1. **Zòn kotyè vil Nouyòk kontinye ap fè eksperyans ogmantasyon nivo lanmè pi rapid parapò ak rès mond lan - yon tandans ki prevwa pou kontinye.** Pwojeksyon ogmantasyon nivo lanmè a pral kontinye pandan plizyè syèk e li pral fè risk inondasyon ki koze pa vag tanpèt ak gwo mare yo vin pi mal. Aksyonè/ajan enpòtan yo yo bezwen konsidere fason pou pwoteje katye vilnerab yo ak sekirite enfrastrikti kritik yo.
2. **Malgre ogmantasyon nan lapli chak ane a prevwa pou li relativman piti, yo prevwa yon ogmantasyon pi gwo pou evènman lapli ekstrèm yo.** Lapli mwayen chak ane a prevwa pou li ogmante jiska 14 pousan nan ane 2050 yo ak 22 pousan nan ane 2080 yo. Modèl yo montre yon ogmantasyon nan kantite evènman lapli ekstrèm.
3. **Nomb de jou ak tanperati ki pi ba pase glason an ap diminye konstan depi ane 1900, pandan total kantite jou cho ak vag chalè ap ogmante pandan syèk la ap avanse.** Tanperati mwayen chak ane prevwa pou yo ogmante atravè vil Nouyòk soti nan 2.7° a 3.9°F nan ane 2030 yo, 4.0° a 6.0°F nan ane 2050 yo, ak 5.6° a 9.8°F nan ane 2080 yo. Tanperati ki pi wo yo pral afekte katye yo yon fason diferan selon enfrastrikti yo, kouvèti pyebwa yo, ak jeografi. Gen plis travay ki nesèsè pou evalye efè klima sou zile chalè ak inegalite nan ekspozè chalè nan tan kap vini an.
4. **Depi ane 1960 yo te anrejistre yon sechrès ki te kondwi nan pratik jesyon dlo aktyèl Nouyòk yo plizyè ti sechrès ki te gen enpak mezirab.** Jesyon dlo kounye a depann sou estimasyon dezekilib ant rezèv ak pèt, men sechrès yo se entèraksyon ant rezèv ak demann, paske risk yo varye sou tan ak sektè. Gen yon bezwen pou yon evalyasyon pi konplè sou vilnerabilite sechrès ki pran an kont chanjman ki prevwa nan demann ak enpak klima prevwa.

Rezime

Enfòmasyon sou Risk Klima Vil Nouyòk 2022: Obsèvasyon ak Pwojeksyon dekri pwoblèm klimatik Vil Nouyòk ap rankontre. Done yo sijere nivo lanmè a pral kontinye monte globalman, epi yo prevwa ke ogmantasyon nivo lanmè a nan Vil Nouyòk pral mennen vag tanpèt ki pi danjere ak plis inondasyon gwo mare. Malgre te gen efò pou pwoteje katye yo ak enfrastrikti frajil nan Vil Nouyòk nan ka ta gen inondasyon nan lavni, anpil zòn rete vilnerab a inondasyon kotyè (bò lanmè). Rapò a note yon bezwen pou plis rechèch sou enpak potansyèl inondasyon an, kounye a ak nan lavni.

Tanperati yo pral kontinye varye tou nan syèk aktyèl la. Nomb jou ak tanperati anba zewo nan Vil Nouyòk prevwa pou diminye pandan ke kantite jou ki pi cho yo prevwa pou ogmante. Vil Nouyòk pral fè eksperyans yon pi gwo frekans nan evènman move tan ekstrèm, kòm yo prevwa kantite vag chalè yo ap ogmante, ansanm ak frekans gwo lapli ak peryòd sechrès. Anfen, byenke gen estimasyon aktyèl sou fason chanjman klimatik kapab afekte rezèv dlo Vil Nouyòk, gen plis rechèch ki nesèsè pou konprann vilnerabilite potansyèl rezèv dlo akòz sechrès. Yo prevwa konsekans klima sa yo ap afekte kominote ki pi fèb, ki gen revni ba ak kominote moun ki pa blan yo ak moun koulè yo a yon nivo pi wo, sa ki mete an kesyon jistis anviwònman nan Vil Nouyòk.

Pandan ke ekip rechèch NPCC4 la te baze analiz li sou yon revizyon nan modèl klima, tandans rejyonal ak mondyal, ak literati syantifik la, ekip la te chèche tou enköpore opinyon moun ki gen enterè lokal yo pou fè evalyasyon sa yo pi enpòtan pou adaptasyon iben. Nan kad pwosesis sa a, ekip la te òganize yon seri atelye ki konsantre sou syans klima ak egalite pou



tout ras ki te konplete lòt aktivite Biwo Majistra Vil Nouyòk pou Jistis Klima ak Anviwònman (reyinyon Echanj Konesans Klima) te òganize pou rive jwenn yon gwo baz moun ki gen enterè lokal yo.

Rapò sa a bay diskisyon detaye sou risk klimatik Vil Nouyòk ap fè fas kounye a, ak kijan risk sa yo pral pwobableman afekte vil la alavni.

- **Ogmante Nivo Lanmè:** Yo prevwa nivo lanmè a sou kòt Vil Nouyòk ak Rivyè Hudson la ap monte 7-11 pous nan pwochen deseni kap vini an, 14-19 pous nan ane 2050 yo, ak 25-39 pous nan ane 2080 yo. Nan kòmansman pwochen syèk la, yo prevwa nivo lanmè a ap monte jiska 65 pous. Li posib, nan yon pi move ka ki pa elimine, ke plis pèt glas tè ka ogmante nivo lanmè a jiska 81 pous nan ane 2080 yo ak 114 pous nan pwochen syèk la.
- **Siklòn twopikal:** Tanperati ki pi cho prevwa pou ogmante epi entansifye siklòn twopikal, sa ki ka ogmante vag tanpèt yo epi lakòz inondasyon nan Vil Nouyòk. Apatman nan sousòl ak nan kav yo patikilyèman vilnerab a risk inondasyon, epi yon kantite disproporsyone rezidan nan apatman sa yo se moun ki gen revni ba, imigran, moun ki pa blan ak/oswa klas travayè Nouyòkè.
- **Tanperati:** Done istorik yo montre gwo ogmantasyon nan tanperati lè a nan Vil Nouyòk pandan plizyè deseni ak evènman chalè ekstrèm ki pi souvan. Anplis de tanperati lajounen, tanperati lannwit yo te ogmante tou, sa ki pwolonje ekspezo a chalè, ki plis poze yon risk pou sante. Espas andedan kay la san èkondisyone oswa kapasite pou gen mwayen pou itilize AC, kapab tou poze risk pou sante.
- **Presipitasyon:** Kantite lapli chak ane prevwa pou ogmante nan pwochen deseni yo, ak pi gwo ogmantasyon yo prevwa pou rive pandan mwa ivè yo epi k ap diminye nan mwa ete ak otòn yo.
- **Evènman Move Tan Ekstrèm:** Malgre ke yo prevwa ogmantasyon nan lapli chak ane a ap relativman piti, yo prevwa yon ogmantasyon pi gwo pou evènman lapli ekstrèm, sa vle di moun ki gen plis pase 1-4 pous lapli pa jou. Anplis de sa, Vil Nouyòk ap sibi jou cho pi souvan pandan deseni k ap vini yo, ak pi gwo frekans ak dire vag chalè (twa oswa plis jou a 90 degre oswa pi wo). Yo prevwa nomb jou vil Nouyòk tonbe anba zewo (pa egzanp, 32 degre) prevwa pou diminye.
- **Sechrès:** Vil Nouyòk depann de Catskill/Delaware Watersheds pou anpil nan rezèv dlo li epi li baze evalyasyon kondisyon sechrès li yo sou pwobabilite pou rezèwa sa yo plen nan mwa jen chak ane. Ogmantasyon bezwen dlo yo te mete presyon sou rezèv dlo a, epi diminye presipitasyon nan ete ak nèj nan sezon fredi pral lakòz mwens dlo nan rezèwa yo.
Nou bezwen plis atansyon pou fè yon evalyasyon konplè sou risk sechrès ki ka devlope endikatè estrès pou kondisyon sechrès an rapò ak demann aktyèl ki prevwa e depann de senaryo chanjman klima nan lavni.

Otè Chapit yo:

Christian Braneon, Luis Ortiz, Dan Bader, Naresh Devineni, Philip Orton, Bernice Rosenzweig, Timon McPhearson, Lauren Smalls-Mantey, Vivien Gornitz, Talea Mayo, Sanketa Kadam, Hadia Sheerazi, Equisha Glenn, Liv Yoon, Amel Derras-Chouk, Joel Towers, Robin Leichenko, Deborah Balk, Peter Marcotullio ak Radley Horton

Rekonesans:

Gwoup Rechèch Kominikasyon Risk nan Cornell University te devlope premye pwojè rezime sa a. Mèsi anpil a Dr. Katherine McComas, Pwofesè, Depatman Kominikasyon, ki gide nou nan rezime chapit sa a. Epi tou, Mèsi a Dr. Catherine Lambert,



Konferansye, Depatman Kominikasyon, Dr. Dominic Balog-Way, Asosye rechèch, Depatman Kominikasyon, Alisius Leong, Kandida PhD, Depatman Kominikasyon, Rebekah Wicke, Elèv Doktora, Depatman Kominikasyon, ak Dr. Josephine Martell, Dwayen Asosye Akademik, Nivo Metriz.

Sitasyon Rekòmande:

Braneon, C., Ortiz, L., Bader, D., Devineni, N., Orton, P., Rosenzweig, B., McPhearson, T., Smalls-Mantey, L., Gornitz, V., Mayo, T., Kadam, S., Sheerazi, H., Glenn, E., Yoon, L., Derras-Chouk, A., Towers, J., Leichenko, R., Balk, D., Marcotullio, P., Horton, R. (2024). NPCC4: NYC Climate Risk Information 2022: Summary.
www.climateassessment.nyc